

Elijiblite pou Asistans pou Katastwòf – Kondisyon Sitwayènte ak Sitiyasyon Imigrasyon

Release Date: Jul 9, 2023

Pou yo ka kalifye pou asistans federal, sivivan katastwòf yo dwe sitwayen ameriken, moun ki pa sitwayen ameriken, oswa moun ki pa sitwayen ameriken ki kalifye. Sivivan ki pa kalifye pou asistans federal ka toujou rele Liy Èd FEMA nan 800-621-3362 pou referans bay ajans volontè.

Asistans pou sivivan ki satisfè kritè kalifikasyon yo gen ladan asistans pou lojman tanporè, reparasyon kay, pwopriyete pèsònèl, pèt medikal, depans pou fineray, asistans pou chomaj pou katastwòf ak prè ak to enterè ki ba.

Anpil fòm asistans pou katastwòf, tankou konsèy pou kriz, sèvis legal, jesyon ka, Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè pou Katastwòf (D-SNAP), ak atik kout tèms ki pa lajan kach, tankou rechèch ak sekou, swen medikal,abri, manje ak dlo, yo disponib pou moun ak fanmi yo, kèlkeswa sitiyasyon sitwayènte yo.

Yo defini pou moun ki kalifye ki pa sitwayen yo:

- Rezidan pè manan legal (yon moun ki gen "kat rezidans").
- Etranje yo akòde azil.
- Refijye yo.
- Etranje ki gen estati depòtasyon yo ap rete pou omwen yon ane.
- Nenpòt moun ki te Ozetazini pou rezon imanità pou omwen yon ane.
- Kiben/Ayisyen k ap antre yo.
- Sèten etranje yo bat oswa mari oswa madanm yo oswa pitit yo.
- Viktim trafik moun.

Si yon sivivan pa satisfè kritè obligatwa pou sitwayènte oswa estati imigrasyon, yo ka toujou aplike epi yo ka konsidere yo pou asistans si:



FEMA

Page 1 of 2

- Paran oswa gadyen legal yon timoun minè ki se yon sitwayen ameriken, yon rezidan ki pa sitwayen oswa yon etranje ki kalifye aplike pou asistans nan non timoun minè a, toutotan yo ap viv nan menm fwaye. Paran oswa gadyen legal la dwe aplike kòm ko-aplikan an, epi timoun minè a dwe gen mwens pase 18 an nan moman katastwòf la te rive.

Gen plizyè kategori moun ki pa sitwayen legal ki prezan Ozetazini ki pa kalifye pou asistans, tankou elèv etranje ak moun ki gen viza tanporè oswa travay.

- Pou sèten kalite asistans, li nesèsè pou fè demonstrasyon kote yo abite ak pwopriyete rezidans ki andomaje a epi aplikan an dwe ranpli kondisyon sitwayènte FEMA. Lè yon aplikasyon baze sou kalifikasyon yon timoun minè, kondisyon sa yo aplike:
 - Okipasyon: Ko-aplikan an dwe paran oswa gadyen legal timoun nan e li dwe konte li te okipe rezidans ki te andomaje nan katastwòf la nan moman katastwòf la te fèt la.
 - Okipasyon: Ko-aplikan an dwe paran oswa gadyen legal timoun nan e li dwe konte li te okipe rezidans ki te andomaje nan katastwòf la nan moman katastwòf la te fèt la.

Tout asistans FEMA ap bay nan moman katastwòf yo ap fèt san diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, sèks (tankou asèlman seksyèl), oryantasyon seksyèl, relijyon, orijin nasyonal, laj, andikap, kapasite pou pale Anglè ki limite, sitiasyon ekonomik. Si yon sivivan santi yo vyole dwa sivil li, li ka rele Lij Èd FEMA a. Si yo itilize sèvis relè videyo, sèvis telefòn ki gen tit, oswa lòt sèvis kominikasyon, sivivan an dwe bay FEMA nimewo espesifik yo bay sèvis sa a.



FEMA

Page 2 of 2